№1(5)
2025

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI / ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУСТВА / BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY-METODIKALÍQ JURNAL

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ NÓKIS FILIALÍ**

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ
*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI
*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА
*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART
*Scientific-methodical journal*

**№ 1(5)/2025**

**SHÓLKEMLESTIRIWSHI:**
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Bas redaktor:** – Allanbaev Rudakiy, *professor*
**Juwaplı xatker:** – Kamalova Dilfuza, *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent.*

**REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ:**

**OZODBEK NAZARBEKOV –** Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri, professor;
**AZIZBEK TURDIEV** – Ózbekstan Respublikası Mektepge shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministri máslahátshisi, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**BEGIS TEMIRBAEV** – Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministri, docent;
**KAMOLIDDIN URINBAYEV –** Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası rektorı, professor;
**OMONILLA RIZAEV** – kórkem ónertanıw ilimleriniń kandidatı, professor;
**HIKMAT RAJABOV** – professor;
**ORAZALI TOSHMATOV** – professor;
**BAXT AZIMOV** – pedagogika ilimleri kandidatı, docent,
**MUHABBAT TOLAXOJAEVA** – kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**MARFUA XAMIDOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**BOLTABOY SHODIYEV -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı;
**OZODA TOSHMATOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**SAYYORA ǴAFUROVA** – professor;
**OYDIN ABDULLAEVA** – professor;
**IRODA MIRTALIPOVA** –kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**PARAXAT MAMUTOV** – kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**QURBANBAY JARIMBETOV** – filologiya ilimleriniń doktorı, professor;
**ALIMA BERDIMURATOVA** – filosofiya ilimleriniń doktorı, professor;
**ZIYADA BEKBERGENOVA** – filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor;
**ALIMA PIRNIYAZOVA** –filologiya ilimleriniń doktorı (DSc);
**YUSUPOV QONÍSBAY –** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;
UTEBAEV TAJIBAY **-** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;
**SEYTKASIMOV DAULETNAZAR -** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc);
**ARTÍQBAY EREJEPOV** – pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;
**JAŃABAY MARZIYAEV** – filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

*Jurnal qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde baspadan shıǵarıladı. Jurnal Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi tárepinen mámleketlik dizimnen ótkerilgen. №047569 4-oktyabr, 2022-jıl.*

**Ózbekstan Respublikası Joqarı Attestaciya Komissiyasınıń 2024-jıl 30-iyuldaǵı 358-sanlı qararı tiykarında jurnal 17.00.00-Kórkem ónertanıw ilimleri jónelisi boyınsha dissertaciya nátiyjelerin baspadan shıǵarıw ushın arnalǵan jetekshi ilimiy jurnallar qatarına kiritilgen.**

*Redakciya mánzili: Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Turan oypatı 29-jay.*
*E-mail:ozdknf@edu.uz, UZDK_Nukus@exat. Tel:551020540 Veb-sayt: https://science.uzdknf.uz/*

**ISSN-2181-4112**

# SKRIPKA SAZ ÁSBABÍNA SHÍǴARMA JAZǴAN DÓRETIWSHILER HÁM PROFESSIONAL ATQARÍWSHÍLAR ÁHMIYETI

**Karimova I.I.**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Annotaciya:** Maqalada skripka saz ásbabı ushın shıǵarmalar dóretken kompozitorlardıń ómiri hám dóretiwshilik jolı, koncert trio, sonata janrlarınıń payda bolıwı haqqında muzıka shıǵarmalarınıń materialları tiykarında skripka ásbabı ushın jaratılǵan túrli muzıkalıq janrdaǵı shıǵarmalardıń qáliplesiwi, birinshi skripka mektepleriniń payda bolıwı hám onıń ushın óz úlesin qosqan kompozitor dóretiwshi insanlardıń skripka saz ásbabınıń rawajlanıwına qosqan úlesi shıǵarmalardıń mazmunın tereń mengeriw máseleleri jarıtıp berilgen.

**Gilt sózler:** Arkanjelo Korelli, Franchesko Djeminiani, Petro Antonio Lokatelli, Antonio Vivaldi, Djuzeppe Tartini, Nikkolo Paganini, I. E. Xandoshkinnin, Sayfi Jalil, Mirsodiq Tojiyev, Mirxalil Mahmudov, Mustafo Bafoyev, Najimaddin Muxameddinov, Ǵayıp Demesinov.

**Аннотация:** В статье описывается жизнь и творчество композиторов, создававших произведения для скрипичного инструмента, зарождение жанров концертного трио, сонаты, возникновение произведений различных музыкальных жанров, созданных для скрипичного инструмента на основе материалов музыкальных произведений, возникновение первых скрипичных школ и вклад творческих композиторов, внесших свой вклад в развитие скрипичного инструмента. проблемы выделены.

**Ключевые слова:** Арканджело Корелли, Франческо Джеминиани, Петро Антонио Локателли, Антонио Вивальди, Джузеппе Тартини, Никколо Паганини, И.Э. Хандошкинин, Сайфи Джалиль, Мирсодик Таджиев, Мирхалил Махмудов, Мустафа Бафоев, Наджимаддин Мухаммаддинов, Гайип Демесинов.

**Annotation:** The article describes the life and work of composers who created works for the violin instrument, the emergence of the genres of concert trio, sonata, the emergence of works of various musical genres, created for the violin instrument based on the materials of musical works, the emergence of the first violin schools and the contribution of creative composers who contributed to the development of the violin instrument. The problems are highlighted.

**Keywords:** Arcangelo Corelli, Francesco Geminiani, Pietro Antonio Locatelli, Antonio Vivaldi, Giuseppe Tartini, Niccolò Paganini, I.E. Handoshkinin,

Saifi Jalil, Mirsodik Tadjiev, Mirkhalil Makhmudov, Mustafa Bafoev, Nadjimaddin Mukhammaddinov, Gayip Demesinov.

**Kirisiw:** Shet el muzıka mádeniyatı hám milliy qádiriyatlarımız esaplanǵan muzıka sazlarınıń tariyxıy negizi Orta ásir muzıka dástúrlerine de barıp taqaladı. Barlıq tarawlarda bolǵanı sıyaqlı mádeniyat tarawında da bul process izbe-izlik penen rawajlanıp atır. Házirgi kúnge kelip skripka qánigeligi tálim baǵdarı boyınsha bir qatar sabaqlıq hám oqıw qollanbalar jaratıldı. Ásirese, bizge shekem jetip kelgen klassikalıq namalardıń ájayıp úlgileri búgingi kúnde de óziniń hártúrliligi, ózine tartatuǵın namaları menen adamlarǵa bir álem zawıq hám kewillerge yosh berip kelmekte.

**Tiykarǵı bólim:** Arkanjelo Korelli. XVII ásirdegi barlıq italiyalı skripka kompozitorları arasında tek Arkanjelo Korelli ǵana dúnyaǵa belgili hám zamanlaslarınıń turaqlı tán alıwına erisken. Onıń atı Evropada bir ásir dawamında Italiya saz-ásbap muzıkası, onıń joqarı jetiskenlikleriniń sinonimine aylandı. Korelli trio, sonata, jeke atqarıwdaǵı skripka sonatası, concerto grosso tolıq kórkem úlgilerin dóretti. Onıń dóretiwshiligi skripka óneri tarawında Antonio Vivaldi, Djuzeppe Tartini, Franchesko Djeminiani, Petro Lokatelli sıyaqlı kompozitorlardıń jetiskenliklerine jol ashtı. Onıń shıǵarmaları klassikalıqtan aldıńǵı skripka óneriniń eń jaqsı úlgileri sıpatında házirge shekem óziniń gózzallıǵın saqlap kelmekte. Arkanjelo Korelli (1653-1713) Bolonya janındaǵı kishkene áyyemgi Fuzinyano qalasında tuwıldı [1:41].

Franchesko Djeminiani. XVIII ásirdiń ataqlı italıyalı skripkashıları arasında Korelliniń eń jaqsı eki shákirti oyınıń kórkemlik táreplerin rawajlandırıw arqalı skripka ónerine úlken úles qosqan Franchesko Djeminiani hám skripka virtuozı tarawında batır novator sıpatında Petro Lokatelli ajıralıp turdı. Franchesko Saverio Djeminiani (1687-1762) Lukkada tuwılǵan. Keyin ala Neapoldaǵı orkestrge basshılıq etti (1711), ol jerde skripka, alt ásbablarında oynadı. Ol bul jerde birqansha waqıt A.Skarlattiden kompoziciya sabaqların aldı. 1714-jılı Djeminiani Londonga kelip jaylasıp, ol jerde qısqa múddette ansamblshı, koncert beriwshi skripkashı, pedagog sıpatında dańqqa eristi. Bul jerde ol Gendel menen doslasıp qaldı, onıń shıǵarmaların atqarıw waqtında orkestrge basshılıq etti, olarǵa dirijyorlıq qıldı, Gendel menen birneshe márte túrli saray aldı hám basqa da koncertlerde oynadı. Olardı muzıkalıq kórkemlik, muzıkanıń maqseti máseleleri boyınsha kózqaraslarınıń uqsaslıǵı birlestirdi; olardıń dóretiwshiligi, ásirese, saz ásbapları óz ara tásir etetuǵını da itibardı tartadı. Djeminiani tek ǵana Londonda emes, al Irlandiyada da úlken tabısqa erisip, inglis skripkası mektebiniń qáliplesiwinde úlken rol oynadı. Onıń shákirtleri arasında Ch. Avison, Dj. Klagg, M. Festiń hám olardıń eń belgilisi Metyu Dyuburg (1703-1767) ta bar edi, ol uzaq

waqıtlar dawamında Dublinde (oǵan Djeminiani tez-tez miyman bolǵan) hám keyin Londonda islegen. 1731-1732-jılları Djeminiani Londonda jigirma koncertten ibarat bir cikl ótkerip, olarda tiykarınan óz dóretpelerin atqarǵan [1:50].

Petro Antonio Lokatelli. Korellidiń basqa bir ullı shákirti Petro Antonio Lokatelli (1695-1764) XVIII ásirdiń belgili virtuozı, skripka texnikası tarawındaǵı novator, kóp jaǵdayda Paganinidiń payda bolıwına tayarlıq kórsetken. Onıń ómiri haqqında maǵlıwmatlar júdá az. Ol Bergamoda tuwılǵan hám skripka shertiwdiń dáslepki sabaqlar sol jerde alǵan bolsa kerek. Ol óziniń kórkem ónerin Korelli basshılıǵında jetilistiriw ushın jaslıǵında Rimge baradı. Ol bul jerde 1714-jılǵa shekem, bálkim, onnan keyin de bolǵan. Italiya hám Evropadaǵı koncertlerden soń, ol jerde virtuoz ataǵına erisken, Lokatelli Amsterdamda jaylasadı (shama menen 1721-jıl).

1721-jılı ol jerde onıń birinshi opusı – «On eki concerti grossi»si baspadan shıqtı, olarda ustazınıń usılınıń tásiri seziledi. Amsterdam bul dáwirde Evropanıń belgili mádeniy hám muzıka orayı bolıp, onda intensiv koncert turmısı bar edi, ataqlı sázendeler keletuǵın edi. Bul qala italiyalı kompozitorlardıń kóplegen shıǵarmaları basıp shıǵarılatuǵın nota basıw oraylarınan biri sıpatında dańq taratqan edi. 1725-jılı Lokatelli Mentuy qalasındaǵı shaxzada Filipp Gessen-Darımshtadtıń kapellasında kamer muzıkantı lawazımında isleydi, keyin Saksoniyada kurfyurst Fridrix-Avgustqa xızmet etedi, Berlin hám Kasselada koncert beredi. Italiyada (sonıń ishinde, Venesiyada), Ispaniya, Angliyada bir qatar koncert shólkemlestiriwlerinen soń, Lokatelli 1729-jılı (ayırım maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda 1732-jılı) Amsterdam qalasına turaqlı jaylasqan. Bul jerde skripkashı hám dirijyor sıpatında intensiv koncert jumısı menen shuǵıllanadı, dáslepki ashıq koncertlerdi shólkemlestiredi, muzıkalıq shıǵarmalardı shıǵarıwǵa járdemlesedi.

Antonio Vivaldi. Ullı skripka atqarıwshısı hám kompozitor Antonio Vivaldi (1678-1741) XVIII ásirdegi italyan skripka óneriniń eń ullı wákillerinen biri. Onıń áhmiyeti, ásirese, jeke skripka koncertin dúziwde Italiyadan alıslarǵa shıǵadı. A.Vivaldi Venesiyada, sheber skripkashı hám pedagog, San-Marko sobori kapellasınıń aǵzası Djovanni Battista Vivaldi shańaraǵında tuwılǵan. Kapellanıń basshısı Dj. Legrensi jas skripkashıǵa qızıqqan hám onıń menen organ ásbabında hám kompoziciya shertiw menen shuǵıllanǵan. Vivaldi Legrensidiń úy koncertlerinde boldı, olarda iyesiniń ózi, onıń oqıwshıları Antonio Lotti, violonchelist Antonio Kaldara, organist Karlo Polarolli hám basqalardiń jańa dóretpeleri tıńlanatuǵın edi. 1705-jıldan aq onıń birinshi opus trio-sonatlar (kamer shıǵarmaları) baspadan shıqtı, olarda ele Korelliniń tásiri seziledi biraq, olarda shákirtlik belgisiniń sezilmeytuǵını xarakterli. Olar muzıkanıń jańalıǵı hám súwretliligi menen ózine tartatuǵın júdá jaqsı kórkem shıǵarmalar esaplanadı.

Vivaldi júdá tez dóretpe jazatuǵın edi. Onıń jeke sonataları, koncertleri baspadan shıǵarıladı. Konservatoriya ushın ol “Faraon qudayı Moisey” atlı birinshi aratoriyasın jaratadı, birinshi operası “Villadaǵı Otton” operasın tayarlaydı, ol 1713-jılı Vichense qalasında tabıslı bolıp ótti. Keyingi úsh jılda ol jáne úsh opera dóretti. Sońınan arada úzilis boldı. Vivaldi sonshelli shıǵarmalardı ańsat jazadı, hátte ózi de “Tito Manlio” (1719) operasınıń qol jazbalarında “bes kúnde islengen” dep atap ótedi.Vivaldiydiń konservatoriyadaǵı pedagogikalıq jumısı áste-aqırın tabıslar alıp keldi. Sonday-aq, onıń basqa skripkashıları: Dj.B.Somis (Korelliden keyin), Peterburgta xızmet etken Luidji Madonis hám Djovanni Verokai, Karlo Tessarini (olda Korelliden keyin), Pragada kapelmeyster bolǵan Daniel Gotlob Troy shuǵıllanadı. Konservatoriyanıń tárbiyalanıwshısı Santa Taska koncert beriwshi skripka oyınshısı, keyin ala Venada saray aldı muzıkantı boldı; kórnekli italıyalı skripka oyınshısı Dj. Fedeliniń qatnasıwshısı Xiaretta da shıqtı.

Vivaldidiń dóretiwshilik miyrası júdá úlken. Onıń 530 dan aslam shıǵarmaları baspadan basıp shıǵarılǵan. V.Yu.Grigorev, L.S.Ginzburg tárepinen 450 ge jaqın túrli koncertler jazılǵan. 80 sonata, 100 ge jaqın simfoniya, 50 den aslam opera (Vivaldi ózi 92 sanı haqqında aytqqan), 60 tan aslam diniy shıǵarmalar. Olardıń kópshiligi házirge shekem qoljazbalarda saqlanıp qalmaqta. Rikordı baspaxanası tárepinen jeke skripka ushın 221 koncert, 2-4 skripka ushın 26 koncert, viol d‘amur ushın 6 koncert, violonchel ushın 11 koncert, skripka ushın 30 sonata, trio-sonata ushın 19 sonata, violonchel ushın 9 sonata hám basqa da shıǵarmalar, sonıń ishinde, demli saz ásbapları ushın da shıǵarılǵan.

Djuzeppe Tartini (1692-1770) XVI–XVIII ásirlerdegi Italiya skripka mektebiniń rawajlanıwın kóp jaǵdayda juwmaqlap, XVIII ásir klassıkalıq kórkem-óneriniń shoqqılarınıń biri bolǵan. Korelli mektebiniń izbasarı hám dawamshısı, ol skripka mádeniyatına kóplegen jańalıqlardı kirgizdi hám onıń rawajlanıwına salmaqlı tásir kórsetti. Tartini sonataları hám koncertleri zamanagóy atqarıwshılar repertuarında keńnen qollanılmaqta. Djuzeppe balalıq jıllarınan xalıq italyan hám slavyan qosıqshıları hám sazendeleri menen baylanıslı muzıkalıq tásirler átirapında bolıp, keyin ala onıń dóretiwshiligine óz tásirin tiygizdi. Tartini dóretiwshiliginde xalıq tásirleri áhmiyetli rol oynaydı. Xalıq (italyan hám slavyan) qosıqlarınıń intonaciyaları, xalıq ayaq oyınlarınıń ózine tán ritmleri, sonday-aq, xalıq atqarıwınıń improvizaciya menen baylanıslı ózgeshelikleri usı sazendeshilik kórkem-ónerinde dóretiwshilik penen ózlestirilgen. Tartini shıǵarmalarında venesiyali gondolashınıń qosıǵın hám Italiyada keń tarqalǵan xalıq ayaq oyını furlananı ushıratıw múmkin. Nikkolo Paganinidiń úlken tabısı tek usı artisttiń tereń muzıkalıq talantında ǵana emes, al ájayıp texnikasında da, onıń eń qıyın passajlardı da sheksiz tazalıq penen atqarıwında da, skripka texnikasınıń ózi ashqan jańa gorizontlarında da jatqan edi. Ataqlı Lokatellidiń «L’Arte di nuova modulazione»

shıǵarması Paganinidi skripka texnikasında hár qıylı jańa effektlerden paydalanıw oyına alıp keldi. Boyawlardıń hár qıylılıǵı, tábiyiy hám jasalma flajoletlerdiń keńnen qollanılıwı, piccikato menen arkonıń tez almasip turıwı, stakkatolardıń ájayıp sheberlik penen hám hár qıylı túrde qollanılıwı, qos nota hám akkordlardiń keńnen qollanılıwı, tartqıshlardıń hár qıylı túrde júdá taza hám ózine bolǵan úlken isenimlilik penen atqarǵan. Skripka solosı ushın 24 kapris, skripka hám gitara ushın 6 sonata, Op. 3, skripka, gitara, alt hám violonchel ushın 15 kvartetleri bar [1:76].

I.E.Xandoshkinnin skripka dóretiwshiligi Xandoshkin (1747-1804) atı menen birinshi rus qosıqlarınıń jazıwshısı hám oynatıwshısınıń dańqına baylanıslı. Onıń kórkem-ónerinde birinshi márte saz-ásbap dóretiwshiligi tarawındaǵı kóp ásirlik xalıq jetiskenlikleri hám Evropanıń aldıńǵı saz-ásbap atqarıw dástúrleri birlestirildi. Onıń dóretiwshiligi tereń milliy, keń jámiyetshilikke jaqın hám túsinikli edi. Ol xalıq qosıq hám ayaq oyınlarınıń saz shıǵarıw usıllarınan paydalanıp, olardıń eń jaqsı jetiskenliklerin, dástúrlerin ulıwmalastırıwshı instrumental talqılawdıń ayqın úlgilerin qaldırǵan. Xandoshkin hár tárepleme rawajlanǵan muzıkant edi. Ol tek skripka ǵana emes, balalayka, gitara, klavirde de jaqsı atqaratuǵın edi, ájayip dirijyor hám pedagog sıpatında dańq taratqan, rus xalıq folklorın dáslepki toplawshılardan biri edi. Xandoshkinniń atı tek ǵana Rossiyada emes, al shet ellerde de keń belgili bolǵan birinshi rus skripkashısı. Onıń shıǵarmaları Amsterdamda baspadan basıp shıǵarılmaqta. Xandoshkinniń payda bolıwı Rossiyadaǵı muzıkalıq atqarıwshılıq mádeniyatınıń joqarı dárejesi, tartqıshlı ásbapların shertiwdiń eski hám bekkem xalıq dástúrleri menen tayarlanǵan edi.

Kompozitor Sayfi Jalil Ataqlı ózbek kompozitorı Sayfi Jalil (Jalilov 1932-2003) simfoniyalıq muzıkanıń túrli janr hám formalarında shıǵarmalar jaratıp, dóretiwshilik jetiskenlikke erisken waqtında, lirik júrek sezimleri menen 1971-jılı skripka ushın, 1975-jılı violonchel ushın koncertler jaratqannan soń 1977-jılı óziniń birinchi “Samarqandnoma” simfoniyasın jaratadı. Shıǵarma milliy ruwxıy, oy-pikirge iye kórkemli názerler menen, lirik-dramatik hám saltanatlı xarakterge iye. “Samarqandnoma” simfoniyası úsh bólimnen ibarat. Simfoniya keń kólemde únlesiwshi kirisiw teması menen ashıladı. Bul namada ózbek muzıka miyrasınıń dáslepki kórinisi-milliy nama doriy lad dúzilisinde, 3/2 ólshemli awır metroritm hám monologiyalıq usıl óz ornın tapqan.

Kompozitor Mirsodiq Tojiyev. Ataqlı ózbek simfonisti kompozitorı Mirsodiq Tojiyev (1944-1996) XX asr ózbek muzıkası tariyxında jarqın iz qaldırdı. Ol ózine sáykes dawısı menen namanı túrli janr hám formalarında hár túrli, milliy ruwıx penen sáwlelendirgen shıǵarmalar jaratadı. M.Tojiyev óz jumısı dawamında 19 dana simfoniya jaratqan: 1972-jılı Simfoniya № 2; 1972-jılı Simfoniya № 3; 1975- jılı Simfoniya №4 “Otam xotirasi” dep ataladı 1976-jılı simfoniya №5,

tanımalı dirijyor Zohid Haqnazarovqa baǵıshlanǵan; 1977- jılı simfoniya №6; 1978-jılı Simfoniya №7; 1978-jılı Simfoniya №8; 1979-jılı Simfoniya №9; 1982-jılı Simfoniya №10; 1983-jılı Simfoniya №11; 1985-jılı Simfoniya №12 "Xotira" dep ataladı; 1986-jılı Simfoniya №13; 1989-jılı Simfoniya №14; 1991 hám 92-jılllarında №15, "Arxipelag Gulag", №16 "Ruhlar nidosi" hám №17 simfoniya "Somon yo'li atlı simfoniya-trilogiya»; 1994-jılı Simfoniya №18; 1995-jılı simfoniya №19 "Qahramonlik". Jeke Ózbekstannıń ǵárezsizligine baǵıshlanǵan tiykarǵı simfoniyalardan 7, 8, 12 hám 18-shisi kamer simfoniyalıq orkestr ushın jazılǵan.

Kompozitor Mirxalil Mahmudov XX-ásir 70-jıllar basında ózbek muzıkalı kórkem qádem qoyǵan professional kompozitorlarǵa múnásip insan. 1971-jıl jas kompozitorlardıń "Navo" simfoniyası dáslepki máretebe atqarıladı. Kóp talantlı kompozitordıń dóretiwshiligi dawamında simfoniyalıq muzıka joqarı dárejede turadı. M. Mahmudov dóretiwshilik izleniwinde jáhán kompozitorlarınıń eń belgili jetiskenlikleri hám usulların dóretiwshilik ózlestiredi hám óz dóretiwshilik jolı "Navo" atlı dáslepki simfoniyasında kórsetti. Kompozitor M. Mahmudov keyingi dóretiwshilik jumısında bir simfoniya menen shegaralanıp qalmay jıllar dawamında, onıń qálemi astında tómendegi simfoniyalıq muzıkalar dúnyaǵa keldi: 1972-jılı "Simfoniya syuita", ekinshi simfoniya (1976), ullı kompozitor D.D.Shostakovichqa baǵıshlanǵan "Xotira" atlı simfoniyalıq poema, kamer simfoniyalıq orkestr ushın "Muxammas va ufor" atlı pesa (1977), eki uvertyura (1978), Úshinshi simfoniya (1982), "Bayramona" syuta hám "Fanfarlar" atlı syuita hám basqa simfoniyalıq shıǵarmalar, ózbek xalıq sazları orkestrine hám kamer simfoniyalıq orkestrge jaratqan shıǵarmaları menen ózbek simfoniyalıq muzıka rawajlanıw dawamında nátiyjeli úles qosıp kelmekte.

Kompozitor Mustafo Bafoyev belgili ózbek kompozitor hám dirijyor muzıka dóretiwshiligine XX asr 70-jıllarınıń ekinshi yarımında kirip keledi hám nátiyjeli kompozitor sıpatında payda boladı. M.Bafoyev muzıka dóretiwshiliginiń eń belgili kórsetkishte dóretiwshilik milliyligin ózlestiredi. Milliy muzıka kóz qarası qatarında zamanınıń jetik shıǵarmaların barlıq janrlarda kórsetiwge háreket etedi. Barlıq simfoniyalıq shıǵarmalarında ol respublikamızdıń tariyxın, zamanlaslarımızdıń obrazların payda etip, bir qatar tereń mazmunda shıǵarmalar jaratadı. Bul tarawda onıń "Shiroq haqida afsona" atlı simfoniyalıq poema (1974), "Bayram uvertyura" (1976); truba hám simfoniyalıq orkestr ushın "Koncert-rapsodiya" (1978); kamer simfoniyalıq orkestri ushın "Avicena" atlı ekinshi simfoniya (1984), "Shoirning hayot sahifasi" atlı ataqlı shayır Hamzaǵa baǵıshlanǵan ushinshi simfoniya (1990) hám "Movarounnahr" atlı tórtinshi simfoniyaları jarqın mısal bola aladı. Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanǵa miyneti singen kórkem-óner ǵayratkeri, Shuxrat medalı hám II-dárejeli Mámleketlik

sıylıqtıń iyesi Qaraqalpaqstan kompozitorlar hám bastakorlar awqamı baslıǵı professor Nájmaddin Muxameddinovtıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqında qısqasha maǵlıwmat berip ótemiz.

Qaraqalpaq xalqınıń tariyxıy tulǵalarınıń biri, XX-XI ásir qaraqalpaq muzıka mádeniyatın rawajlandırıwǵa ayrıqsha úles qosqan kompozitor, Qaraqalpaqstan Respublikası mámleketlik gimininiń avtori Najimaddin Muxammeddinov 1937-jılı 26-avgustta Taxtakópir rayonında tuwıldı. Nájmaddin Muxameddinov skripka saz ásbabında shertedi. Tashkent qalasında Xamza uchillishesin pitkerip, qaraqalpaq jaslarına nota sawatqanlıǵı menen birinshilerden bolıp skripka ásbabında atqarıwdı úyretken. Birinshi Mandarin tórt tarlı ásbabı payda bolıp onda slux penen shertip úyretilgen keyin ala notaǵa qarap oqıtılǵan. [2:240]

Onıń dóretiwshilik miynetleri hár túrli janrlarda bolıp, olardan atap aytqanda 1-Qaraqalpaq milliy operası "Ajiniyaz", etno-opera "Gulayım", 1-Qaraqalpaq baleti "Ayjamal", Kamer saz ásbap namalarınan fortepiano ushın pyesalar, sonatina, vals, sonata, variaciyalar, Kamer simfonik orkestr ushın shıǵarmalar, Xalıq sazları orkestri ushın shıǵarmalar, Simfoniyalıq orkestr ushın shıǵarmalar, "Alpamıs" muzıkalı drama, Toǵız tońqıldaq hám bir shinkildek muzıkalı komediyası, "El perzenti" telespektakl, vokal janrı ushın shıǵarmalar, estrada janrı ushın shıǵarmalar jaratdı. N.Muxametdinovtıń hár jılı respublikamızdıń barlıq bayram keshelerinde óziniń dóretiwshilik shıǵarmaları menen xalqımızdıń kewlinen jay alıp kelmekte. Kompozitor dóretwishliginde 500 den aslam túrli janrdaǵı shıǵarmalar bar bolıp olar búgingi kúnde ilimiy tárepten izertlenip kelmekte.

Ǵayıp Demesinov Qaraqalpaqstan respublikasına miyneti singen kórkem óner ǵayratkeri, Berdaq atındaǵı sıylıqtıń laureatı, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan kompozitorları awqamınıń aǵzası. 1942-jılı Qońırat qalasında jumısshı shańaraǵında tuwıldı. 1960-1964-jılları kompozitor Nókis muzıka bilim jurtınıń tarlı ásbaplar bóliminde oqıydı hám onı pitkergennen keyin usı bilim jurtında skripka saz ásbabınan muǵallim bolıp jumıs isleydi. 1965-jılı Tashkent mámleketlik konservatoriyasınıń kompozitorlıq fakultetine oqıwǵa kiredi. Kompozitordıń simfoniya janırında jazǵan shıǵarmaların atap aytqanda birinshi "Qaraqalpaq" simfoniyası bolsa, ekinshisi simfoniyası "Bozataw" dep ataladı.

"Qaraqalpaq" simfoniyası úsh bólimnen ibarat bolıp, qaraqalpaq xalıq namaların óz ishine qamtıydı. Simfoniya kirisiw menen baslanıp, bunda "júriń qızlar suw boyına barayıq" atlı qaraqalpaq xalıq namasınan paydalanǵan. Ortanǵı bólim rawajlandırıwshı bólimde usı xalıq namanı hár túrli tonallıqlarda modulyaciya etip ótken, repriza bóliminde eki temalar jáne bir mártebe tákrarlanadı.

Ekinshi “Bozataw” simfoniyası Ájiniyaz Qosıbay ulınıń bozataw waqıyaların nama tili menen muzıka ıqlasbentlerine mazmunlı etip jetkerip bergen.Simfoniya IV bólimnen ibarat, úlken simfoniyalıq orkestr ushın dástúriy shıǵarma bolıp esaplanadı [1:261].

Házirgi waqıtta XVII-XVIII ásirlerdegi shıǵarmalardıń orınlanıwında eki anıq kórsetilgen tendenciya relyefte kórinedi. Ayrım saz atqarıwshılar bunday shıǵarmalardı áyyemgi saz ásbaplarınıń modifikaciyalarınan paydalanıp, bir qansha stilizaciyalanǵan túrde, áyyemgi muzıka elementleri hám basqalardan paydalanıp, shıraqlar jaqtısında atqarıwǵa háreket etedi. Bul qızıqlı, geyde teatrlastırılǵan tásirdi payda etedi, biraq ol janlı emes, bálkim “muzıkalıq” xarakterine iye. Házirgi zaman talqılawshılarınıń kópshiligi izinen kiyatırǵan basqa, keń tarqalǵan tendenciya bolsa, skripka óneriniń eń jańa jetiskenliklerinen paydalanıp, XVII-XVIII ásirler muzıkasın jarqın, tolıq atqarıw, biraq sol waqıtta shıǵarmalardıń muzıkalıq estetikalıq mazmunına barınsha tereń kirip barıw hám olardıń muzıkasınıń joqarı shoqqısın anıqlawǵa úndeydi.

Ulıwma proceske basqa mámleketler, atap aytqanda, Angliya da óz úlesin qostı, ol jerde D. Djenkins hám G. Persell skripka ushın shıǵarmalar dóretken, olar da italya dóretiwshiliginiń sezilerli tásirin kórgen. XVIII-XIX ásirler shegarasında Evropa skripka mádeniyatı aldında kórkem-ónerdiń úlken zallarǵa kirip barıwı, ápiwayı sázendelik hám kompozitorlıq dóretiwshilikte romantikalıq usıldıń payda bolıwı, atqarıwshı, saz ásbabı, tıńlawshıǵa tásir etiw usıllarınıń imkaniyatların jáne de ashıwı menen baylanıslı jańa mashqalalar payda boldı.

Juwmaqlap aytqanda XIX ásirdiń baslarına kelip skripka óneri óziniń gúllep-jasnawına eristi. Kóplegen mámleketlerde milliy skripka mektepleri qáliplesti hám rawajlana basladı. Skripka dóretiwshiliginde kompozitor hám atqarıwshılar tárepinen ózgermeytuǵın kórkem qádiriyatlar jaratıldı. Skripka saz ásbabı ushın hár túrli shıǵarmadaǵı janrlarınıń qáliplesiw procesleriniń juwmaqlanıwın da atap ótiw múmkin, onıń nátiyjesinde skripka hám fortepiano sonatası, jeke skripka koncerti, kamer ansamblleri tarlı hám fortepiano triosı, kvarteti, kvinteti qáliplesti.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Григорьев В.Ю., Гинзбург Л.С. История скрипичного искусства. – Москва: 1990.
2. Жабборов А.Х. Узбекистон бастакорлари ва мусикашунослари. – Тошкент: янги аср авлоди, 2004.
3. Nadırova A. Qaraqalpaq muzıka tariyxı. – Tashkent: 2018.

**MAZMUNÍ**

**MUZÍKATANÍW**


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Ходжаметова Г.И.** КАРАКАЛПАКСКАЯ ТРАДИЦИОННАЯ МУЗЫКА КАК ПЕРВООСНОВА СОЧИНЕНИЙ ФОРТЕПИАННОЙ МУЗЫКИ | 3 |
| 2 | **Charshemov J.** P.XINDEMITNING “LUDUS TONALIS” TSIKLINING GARMANIK TAXLILI | 10 |
| 3 | **Мухаммедниязов К.Т.** ИЗУЧЕНИИ ПРОБЛЕМЫ ВЗАИМОСВЯЗИ МУЗЫКИ И СЛОВА НА ПРИМЕРЕ «ПОЭТИКИ» АРИСТОТЕЛЯ | 16 |
| 4 | **Abatbaeva R.O.** XX ASRNING IKKINCHI YARMIDA QORAQALPOQ MUSIQASI | 22 |
| 5 | **Саидхонов А.С.** ДВЕНАДЦАТЬ ГРАНИ СОВЕРШЕНСТВА (На примере трансцендентные этюды Ференца Листа) | 29 |
| 6 | **Жумабаев А.Е., Муратбаева А.А.** МУЗЫКАЛЬНАЯ ФОЛЬКЛОРИСТИКА | 42 |
| 7 | **Saburova U.M.** LYUDVIG BETXOVEN IJODIDA VARIATSION SHAKL | 48 |


**KÓRKEM ÓNER**


| | | |
|---|---|---|
| 8 | **Allanbaev R.O.** QORAQALPOQ KOMPOZITORLARI ASARLARIDA MUSIQIY DRAMALAR | 53 |
| 9 | **Abdullaev F., Muratbaev A.** QARAQALPAQSTANDA DEMLI ORKESTRINIŃ DÚZILIWI HÁM ONÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ | 59 |
| 10 | **Qurbanazarov P.** DAMLI CHOLG‘ULAR VA ULARNING RIVOJLANISH BOSQICHLARI | 65 |
| 11 | **Shermatov K.E.** BUYUK ALLOMALAR ABU ALI IBN SINO VA ABU NASR FAROBIYLARNING MUSIQIY MEROSI | 73 |
| 12 | **Abdullaeva U., Razatdinova A.** KOMPOZITOR KEŃESBAY ABDULLAEVTÍŃ QARAQALPAQ XALÍQ NAMALARÍNÍŃ RAWAJLANÍWÍNA QOSQAN ÚLESI | 80 |
| 13 | **Александрова О.А.** ПАМЯТИ ОПЕРНОГО ПЕВЦА КУРКМАСА МУХИТДИНОВА | 86 |
| 14 | **Allaniyazov B.** SKRIPKANING TARIXIY RIVOJLANISH JARAYONI | 91 |
| 15 | **Erejepov A.A.** QARAQALPAQ BAQSISHILIQ MEKTEPLERINIŃ ATQARIWSHILIQ KÓRKEM ÓNERI ÓZGESHELIKLERI HAQQINDA | 98 |

| | | |
|---|---|---|
| 16 | **Kamalova G.M.** HIKMAT RAJABOVTIŃ DÓRETIWSHILIGINE TÁN ÓZGESHELIKLERI | 104 |
| 17 | **Dosimbetov B.X.** CHOLG‘U IJROCHISINI KONSERT VA SAHNA NAMOYISHIGA TAYYORLASHNING PSIXOLOGIK XUSUSIYATLARI | 113 |
| 18 | **Zuxurov M.M.** DIRIJYORLIQTA QOL HÁREKETLERINIŃ DURIS ATQARILIWI HÁM OLARDI RAWAJLANDIRIW | 120 |
| 19 | **Embergenova G.A., Yo‘ldoshev L.E.** XOR ASARLARINI TAHLIL QILISH OMILLARI | 130 |
| 20 | **Paxratdinova L.Sh.** SKRIPKA SAZ ÁSBABÍ TARIYXÍ | 136 |
| 21 | **Karimova I.I.** SKRIPKA SAZ ÁSBABÍNA SHÍǴARMA JAZǴAN DÓRETIWSHILER HÁM PROFESSIONAL ATQARÍWSHÍLAR ÁHMIYETI | 145 |
| 22 | **Rejepov Sh.B.** ǴAYÍP DEMESINOVTÍŃ FORTEPIANO DÓRETIWSHILIGI (“Prelyudiya”ları mısalında) | 153 |
| 23 | **Mamutov P.A.** TEATRDÍŃ TARIYXÍY QÁLIPLESIWI HÁM DRAMATURGIYANÍŃ RAWAJLANIW BASQÍSHLARÍ | 159 |


**MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ**


| | | |
|---|---|---|
| 24 | **Umarova V.A.** MUSIQA-IJROCHILARNI TANLOVLARGA TAYYORLASHDA USTOZ VA OILANING ROLI | 164 |
| 25 | **Tnibaev P.K.** DAMLI CHOLG‘ULARNI TALABALARGA O‘RGATISH: PEDAGOGIK YONDASHUVLAR VA METODLAR | 169 |
| 26 | **Элмуродова Г.А.** СОВЕРШЕНСТВОВАНИЕ ТЕХНИКИ ПО ПРЕДМЕТУ ФОРТЕПИАНО (НА ПРИМЕРЕ ЭТЮДОВ К. ЧЕРНИ) | 173 |
| 27 | **Iseev R.** FORTEPIANO ATQARÍWSHÍLÍǴÍNDA POLIFONIYA JANRÍNÍŃ AHMIYETI. POLIFONIYALÍQ SHIǴARMALAR USTINDE JUMÍS ALÍP BARÍW | 180 |


**JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER**


| | | |
|---|---|---|
| 28 | **Jabbarov I.A., Bazarbaeva N.I.** MOBILE APPLICATIONS AS A CONTEMPORARY INSTRUMENT FOR ENHANCING ENGLISH LANGUAGE LEARNING | 187 |
| 29 | **Marziyaev J.K.** JOQARÍ OQÍW ORÍNLARÍNDA JURNALIST QÁNIGELERDI TAYARLAW | 194 |
| 30 | **Kalimbetova S.A.** O‘ZBEK JADID DRAMATURGIYASI VA TEATRI (“Padarkush” va “To‘y” dramalari misolida) | 201 |

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq journal*